EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 7.899 www.in-academy.uz




# METHODOLOGY FOR TEACHING MATERIALS OF KARAKALPAK LITERATURE IN UZBEK AND RUSSIAN (ON THE EXAMPLE OF LYRICAL WORKS)

**Mambetova Gulchexra Abiybullaevna**
NSPI named after Ajiniyaz base doctoral student
https://doi.org/10.5281/zenodo.12222972

ARTICLE INFO
Received: 16th June 2024
Accepted: 21th June 2024
Online: 22th June 2024
KEYWORDS
*Russian and Uzbek classes, lyrics, methodology, comparative analysis, heuristic conversation.*

ABSTRACT
*The article presents some examples of the use of interactive methods, some issues of the methodology for teaching materials of Karakalpak literature in classes where education is taught in languages other than the state language, interpreted and substantiated on the example of works in the lyrical genre.*

# ÓZBEK HÁM RUS KLASLARDA QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍ MATERIALLARÍN OQÍTÍW METODIKASÍ (LIRIKALÍQ SHÍǴARMALAR MÍSALÍNDA)

**Mambetova Gulchexra Abiybullaevna**
Ájiniyaz atındaǵı NMPI tayanısh doktorantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.12222972

ARTICLE INFO
Received: 16th June 2024
Accepted: 21th June 2024
Online: 22th June 2024
KEYWORDS
*Rus va o'zbek sinflar, lirika, metodika, solishtirma tahlil, evristik suhbat.*

ABSTRACT
*Maqolada ta'lim davlat tilidan boshqa tillarda o'qitiladigan sinflarda qoraqalpoq adabiyoti materiallarini o'qitish metodikasining ayirim masalalari lirik janrdagi asarlar misolida talqin qilingan va asoslab berilgan, interaktiv metodlardan foydalanishning ayirim namunalari keltirilgan.*

Lirika kórkem ádebiyattıń ózine tán janrı sıpatında júdá úlken tárbiyalıq xarakterge iye. Lirikanı úyreniw procesinde oqıwshılar emocional-estetikalıq, insannıń ruwxıy dúnyası haqqındaǵı sezimlerin qáliplestiredi, tásirli oqıw kónlikpeleri, poetikalıq sózdiń ekspressivlik múmkinshiliklerin túsiniw qáliplesedi. Lirikalıq shıǵarmalardı oqıtıw, epikalıq hám dramalıq shıǵarmalardı oqıtıwǵa qaraǵanda biraz qıyınshılıqlar tuwdıradı, sebebi lirikada belgili bir waqıyanıń , syujettiń ashıq etip berilmewi, tiykarınan lirikalıq qaharmannıń ishki oy-sezimleriniń orap beriliwi oqıwshılardıń lirikanı túsiniwin qıyınlastıradı. Lirikanı qabıllawda Belinskiydiń [1] pikirinshe, lirikalıq shıǵarmanı túsiniw ushın onı tereń seziniw, onıń ishinde jasaw kerek. Epikalıq hám dramalıq shıǵarmalardı oqıtqanda waqıyalar, qaharmanlar olar arasındaǵı konfliktler, biri-birinen shiyelenisken waqıyalar arqalı oqıwshınıń dıqqatın tez qaratıw múmkin, onı úyreniwde oqıwshınıń ózi de muǵallimge járdem beredi. Al, lirikalıq

shığarmalardı oqıtıwda lirik qaharmannıń halatına oqıwshılardı túsiriw, onıń oylaǵanların oylata alıw, onıń sezingenlerin oqıwshı qálbinde de sezindire alıw oqıtıwshıdan úlken sheberlikti talap etedi. Lirikalıq shıǵarmalardı nátiyjeli oqıtıwdıń en dáslepki shárti bul kórkemlep oqıw bolıp tabıladı. Bul haqqında alımlar hám metodistler óz pikirlerin bildiredi. Belgili alım Q.Yuldoshev: "Kópshilik oqıtıwshılar da, hátte metodist alımlar da kórkemlep oqıw degende bálent dawıs penen irkilis belgilerine ámel qılǵan halda kóterińki ruwxta qiráát qılıwdı túsinedi. Negizinde lirikalıq shıǵarmalardı bazıbir hallarda bar hawaz benen oqıwǵa bolmaydı. Hátte bálent, kóterińki sonday-aq shın kewilden shıqpaǵan oqılıw, qosıqtaǵı názik lirizmdi joqqa shıǵarıw múmkin" [2] degen pikirdi bildiredi. Lirikalıq shıǵarmalardı kórkemlep oqıw kórkem seziniwdiń en joqarı shoqqısına jetkeniniń dáliyli ekenligin B.Tuxliev óziniń miynetinde : Llirikalıq shıǵarmalardı ańlaw, ondaǵı avtor kózde tutqan niyetin, maqset hám wazıypaların túsinip jetiw, qosıq ideyasınıń mánisin túsiniw hám onı uǵıwdan, jáne de anıǵıraǵı, kórkemlep oqıwdan baslanadı" [3] dep atap ótedi.

Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslardıń 10-11-klaslarında [4,5] qaraqalpaq poeziyasın úyreniw metodikasınıń nátiyjeliligi, oqıwshılardıń dóretiwshilik iskerligin asırıwshı, olardıń analitik hám associativ iskerligin tereńletiwshi (salıstırmalı analiz, awdarma, evristikalıq sáwbet, kórkem sóz, qara sóz, súwretlep kórsetiw ústinde islew) en nátiyjeli usıllar, qurallar, metodlardı izlewden kelip shıǵadı.

Tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda poeziyalıq shıǵarmalardı oqıtıwda da oqıtıwshı dáslep onı kórkemlep oqıp beriwi kerek. Biraq qosıqtıń mazmunın aytıp beriw múmkin emes, sebebi mazmunı aytıp berilse lirikalıq shıǵarmanıń mazmunı pútkilley sayızlasıp qaladı.

Lirikalıq shıǵarmalardı  ózbek hám rus klaslarında oqıtıw metodların sabaqlıqta berilgen bir neshe qosıqlar mıslaında kórip ótemiz. I.Yusupovtıń "Poshsha torǵayǵa"[5] qosıǵı tema ushın jaqsı tańlanǵan.  Qosıq dáslep oqıtıwshı tárepinen kórkemlep, bálent lapızda oqıp beriledi. Sońınan oqıwshılar qosıqtı ele de terenirek túsiniwi ushın bir neshe sorawlar ortaǵa taslanadı, mısalı, shayırdń bul qosıǵında tiykarǵı ideya qanday, shayır watanǵa bolǵan muxabbatın qaysı qatarlarında sheber bere alǵan dep oylaysız, poshsha torǵay menen búlbildi salıstırıw arqalı shayır oqıwshıǵa neni ańlatpaqshı boladı, qosıqta jáne qanday salıstırıwlar bar, *"seniń sol qodiren sahrayı sestiń, tebirenter en sońǵı demime deyin", "sen kókte, men jerde bunshelli shırlap, súymegende onnan watan boldı ma"* degen qatarlardı dápterinizge jazıp talqılaw islen sıyaqlı tapsırmalar berilse, tapsırmanı orınlaw ushın oqıwshı qosıqtı qayta-qayta oqıydı hám qosıqtan tárbiyalıq bilimler aladı.

Qosıqtıń oqıwshılarǵa ele de túsiniklirek, qızıqlıraq bolıp yadında qalıwına erisiw ushın onı basqa xalıq jazıwshılarınıń watan haqqında jazǵan qosıqları menen salıstırıp úyrensek sabaq janlı tárizde ótedi. Mısalı, I.Yusupovtıń "Poshsha torǵayǵa" qosıǵın  rus klaslarda rus jazıwshısı M.Yu.Lermontovtıń "Rodina"  [6] qosıǵı menen, ózbek klaslarda Muxammad Yusuftıń [7] "Ózbekiston" qosıǵı menen salıstırıp oqıtıw arqalı oqıwshılardı sabaqqa qızıqtırıw, sonday-aq olardıń oy-órisiniń hám sóylew kónlikpeleriniń rawajlanıwına járdemin tiygizedi. Dáslep poeziyalıq shıǵarma  oqıwshılarǵa oqıp beriledi (yamasa oqıtıwshı tárepinen úyde klassik muzıka menen birge kórkemlep oqıp jazdırılıp alıp kelinip esittiriledi, bul ápiwayı oqıp bergennen parıqlı ráwishte oqıwshılardı ózgeshe sezimlerge bólendiredi).

Bunnan keyin torǵaydıń sayrawı qoyıp esittirlise, slayd arqalı torǵaydıń, sarı qumlıqlardıń, awıldıń kórinisleri kórsetilse oqıwshınıń kóz aldında shayır aytpaqshı bolǵan watannıń kórinisi birqansha gewdelenedi  hám sońınan qosıqta "watan" túsinigi qaysı qatarlar arqalı bildirilip turǵanı, usı qatarlar arqalı biz hár xalıqtıń  shayırınıń ózine tán, basqalarǵa uqsamaytuǵın tárizde watanınıń ózine qádirli bolǵan kórinisleri arqalı ashıp beretuǵınlıǵın oqıwshılar menen talqılawǵa boladı. Bunıń ushın oqıwshılar toparlarǵa bólinedi, bir toparǵa "Poshsha torǵayǵa" qosıǵı, ekinshi toparǵa, "Rodina" qosıǵı beriledi. Pikirler, qosıqtaǵı watandı jırlawshı qatarlar terip jazıladı. Dáslep olardıń ayırmashılıqları, sońınan uqsaslıqları aytılıp, sońında muǵallim tárepinen juwmaqlastırılıp bahalanadı. Bunı Venn diagramması arqalı da ámelge asırıwǵa boladı. Mısalı, M.Yu.Lermontovtıń  "Rodina" qosıǵın alıp qaraymız. Belgili rus shayırı qosıǵında óz watanın qalay táriypleydi.

Но я люблю -за что, не знаю сам-
Ее степей холодное молчанье,
Ее лесов безбрежных колыханье
Разливы рек ее подобные морям;
Проселочным путем люблю скакать в телеге
И взором молча медленным пронзая ночи тень
встречать по сторонам вздыхая о ночлеге
дрожащие огни печальных деревень;
люблю дымок спаленной жнивы,
В степи ночующий обоз
и на холме средь желтой нивы
Чету белеющих берез
С отрадой многим незнакомой
я вижу полное гумно
Избу  покрытую соломой
срезанными ставнями окно;
и в праздник вечером росистым
смотреть до полночи готов
на пляску с топаньем и свистом
под говор пьяных мужичков. [7]

Lermontov qosıǵınıń birinshi qatarlarınan-aq óziniń watanına bolǵan muxabbatı "hayran qalarlıq" ekenligin tán aladı. Shayır jasaǵan dáwirlerde watandı bálentpárwaz gápler menen súwretlew ádet túsine kirgen edi. Ne ushın watanı oǵan qádirli ekenligin shayırdıń ózi de túsinbeydi. Shayır óziniń ullı jámiyet ómirine bolǵan húrmetsizligi haqqında aytıp otırmay, ápiwayı awıl kórinisin mehr menen súwretleydi. Shayır "paytaxttıń jalǵan oq atar topların hám maskaradların" "awıldaǵı adamlardıń sekirip hám ısqırıp oynaǵanlarına, awıldaǵı más adamlardıń ápiwayı gáplerin tıńlap yarım aqshamǵa shekem tamasha etiw máwritlerine almastırmawdan" ózin quwanıshlı sezedi.  Shayır óz watanın saban menen bastırılǵan qaqıralarda, sheksiz qayıń toǵaylarında, orılǵan dalalardıń órtengen tútin iyislerinde, qırman úyilgen dalalarında  hátte más mujiklerdiń isqırıp, jer tepsinip oynawlarında kóredi. Haqıyqıy rus jerlerin, tábiyatına degen mehirin, watanına muxabbatın qosıǵında basqasha bir qaytalanbas sezimler hám sózler menen menen beredi.

Bunı rus klası oqıwshıları ańsat túsinedi hám tez talqılap bere aladı. Endi I.Yusupovtıń "Poshsha torǵayǵa" qosıǵın talqılap kóremiz.

Sayra sen, úrpek bas poshsha torǵayım,
Ay-hay tuwǵan jerdiń hawası qanday!
Bir shalqama jatıp seni tıńlayın,
Qaytadan jasarıp bala bolǵanday.
Men qanshelli gózzal eller kórmedim,
Jer jánneti bolǵan tawlardan óttim,
Qanıńday baǵlarda shalqıp júrmedim,
Qansha búlbillerdi tıńlap ház ettim.
Men hámmesin súydim, qızıqtı kózim,
Sóytip júrip saǵındım bul shańlaqtı,
Kókiregimde sayrap shaqırdıń óziń,
Sayrawıń kóp ándiysheler ańlattı.
Sen ayttıń: "kel meniń balalıq dostım,
En jaqsı namamdı sayrap bereyin".
Seniń sol qodiren, sahrayı sestiń,
Tebirenter en sońǵı demime deyin…
Sayra dostım, ál hawada pır-pırlap,
Saz benen sáwbetsiz dáwran boldı ma.
Sen kókte, men jerde bulshelli shırlap,
Súymegende, onnan watan boldı ma!

Shayır qosıǵında watanın sulıw, bálentpárwaz gápler menen súwretlemeydi. Onı en ápiwayı detallar, "torǵay, torǵaydıń sayrawı, awıldaǵı shańlaq jer," balalıqtaǵı elesler menen-aq súwretlep berdi. "Men qanshelli gózzal eller kórmedim, jer jánneti bolǵan tawlardan óttim, qanıńday baǵlarda shalqıp júrmedim, qansha búlbillerdi tıńlap ház ettim." -dep, gózzal ellerdi, biyik tawlardı, baǵlardı, búlbillerdiń sayrawın óziniń oynap-ósken shańlaǵına, ápiwayı ǵana torǵayına almastıra almaǵanlıǵın kórkem sóz benen bayanlaydı. Eger usı sózlerdi ápiwayı qara sózlerge aylandırıp oqısaq, bizde qosıq sıyaqlı sezimler oyata almaslıǵın da oqıwshılarǵa túsindirip, poeziyanıń qanshelli ullı ekenligin uǵındırıw kerek." Sen kókte, men jerde bulsh elli shırlap, súymegende, onnan watan boldı ma!" degen qatarların jáne bir qaytalap, hár bir jas áwlad watan ushın qolınan kelgen jaqsılıqtı islewi parız ekenligin, olardıń watan degende neni túsinetuǵınlıǵın, watan ushın ne isley alıwı múmkin ekenligin, oqıwshılar menen sáwbetlesse sabaq janlı bolıp ótedi. Bunnan soń oqıwshılar toparlarǵa bólinedi, tómendegidey keste túsirilgen qaǵazlar beriledi , oqıwshılar oylasqan halda kesteni toltırıp, (shayırlardıń watanın súwretlewdegi ayırmashılıqların hám uqsaslıqların) prezentaciya islep pikirlerin bildiredi.

| **Lermontov "Rodina qosıǵı"** | **Ulıwmalıǵı, uqsaslıǵı** | **I.Yusupov "Poshsha torǵayǵa"** |
|---|---|---|
| saban menen bastırılǵan qaqıralar, sheksiz qayıń toǵaylar, orılǵan dalalardıń órtengen tútin iyisleri, qırman úyilgen dalalar, más | Watanǵa bolǵan muxabbat, pák balalıq sezimler, watanınıń eń ápiwayı nársesin de basqa qımbat bahalı nárselerge almaspaw | torǵay, shańlaq, awıl hawası, balalıq dostı, qustıń qodireń sesti, |

| | | |
|---|---|---|
| mujiklerdiń isqırıp, jer tepsinip oynawlar | | |

Bunnan soń sózlikler boyınsha jumıs islenedi. Túsinbegen sózlerin oqıwshılar oqıtıwshıdan soraydı, bul qosıqtı oqıp bolǵannan soń islengeni de maqsetke muwapıq boladı, sebebi sózdi, qosıqtıń mazmunın túsinbese oqıwshıda pikir payda bolmaydı. Qosıqtaǵı tomendegi sózlerdiń awdarma hám túsindirme manileri beriliw tiyis. Mısalı, torǵay-жаворонок, jánnet-рай, ház etiw-наслаждаться, shańlaq-jazdaǵı mallardıń jatatuǵın ornı, ándiyshe-máni, mazmun, oylar (146-b), shalqama jatıp-arqa menen jatıw, qodireń-mayda, jabayı, jińishke. [8] Sonday-aq bul qosıqtı oqıtıwda ózbek klaslarında Muxammad Yusuptıń "Ozbekiston" qosıǵı menen salıstırıp, talqılap oqıtıw nátiyjeli boladı.

*O, ota makonim, onajon ólkam!*
*O'zbekiston, jonim to'shay soyangga,*
*Senday mehribon yo'q, seningday kórkam,*
*Rimni alishmasman bedapoyangga.*
*Bir go'sha suv bo'lsa, bir go'sha qirlar*
*Qancha yurtni kórdim qancha taqdirlar,*
*Qayga borsam suyab: -Boshni tik tut,- deb,*
*Tog'larıng ortimdan ergashib yurar,*
*Ko'rdim suluvlarning eng farangların,*
*Yo xudbinman, yo bir sodda kasman man,*
*Parijning eng go'zal restoranların,*
*Bitta tandiringga alishmasman man.*
*Bildimki baridan ulug'ing o'zing,*
*Bildimki yaqini shu tuproq menga,*
*Bahorda baxmalda tug'ilgan qo'zing,*
*Arab ohusidan azizroq menga.*
*Sen bilan o'tgan kun bayramdir, bazm*
*Sensiz bir on qolsam vahmim keladi,*
*Seni bilganlarga qilaman ta'zim,*
*Seni bilmaslarga rahmim keladi [8].*

Bunda da joqarıda kórsetip ótkenimizdey oqıwshılar Venna diagramması arqalı shayırlardıń óz watanların táriyplewdegi ayırmashılıq hám ulıwmalıqların talqılap úyrenedi.

Juwmaqlap aytqanda, tálim mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslarda qaraqalpaq ádebiyatındaǵı lirikalıq shıǵarmalardı oqıtıwda milliy klaslardan parıqlı ráwishte, olardı ózleriniń ana ádebiyatı shayırlarınıń poeziyalıq shıǵarmaları menen salıstırıp oqıtıw, poeziyalıq shıǵarmanı oqıp lázzetlene alıwı ushın, qosıqtaǵı sózlerdi konteksttegi mánisi boyınsha túsindirme beriw, sonday-aq oqıwshılardı tek qosıqtı yadlap, zırıldatıp aytıp bere beriwge emes, al olardıń mazmunın, ideyasın túsinip, ózleri de pikirlew hám pikirlerin talqılay alıwǵa úyretiw búgingi zamanagóy sabaqlardıń baslı maqseti bolıwı kerek.

## References:

1. Белинский В. Г. Собрание сочинений в 9 т.-Т.3. –М.1978
2. Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. Тошкент.: Ўқитувчи.,1996
3. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент.: Янги аср авлоди.,2010
4. Abdinazimov Sh, A.Abdiev, J.Táńirbergenov. Qaraqalpaq tili. 10-klass. (Oqıw mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslar ushın sabaqlıq). -N.: «Qaraqalpaqstan» , 2019-jıl, 112 bet
5. Ismaylova Z., B.Turımbetov, A. Dawletova. Qaraqalpaq tili. 11-klass. (Oqıw mámleketlik emes tillerde alıp barılatuǵın klaslar ushın sabaqlıq). -N.: «Qaraqalpaqstan» , 2019-jıl, 112 bet
6. Маранцман В.Г. Литература: Учебное пособие для 9 класса средней школы – М.Просвещение, 1994.-319с
7. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги IV том (О-Я), Нукус «Каракалпакстан» 1992, 636 б